Өзбекистан Республикасы жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министирлиги

Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик Университети

Социал-економика факултети

Економика кафедрасы

Економика қәнигелигиниң

«3[а]» курс студенти Жалиева Перизаттың «гросанаат комплекси екаономикасы» пәнинен

# *Курс жумысы*

Тема: «Аўыл хожалығын техникалық тәминлеў машқалалары»

Қабылланған: Досекеев. Ж
Орынланған: Жалиева. П

Нөкис-2014ж

Мазмуны.

Кирисиў

1-бап. Аўыл хожалығы кәрхананың материал-техникалық тәминлеўдиң теориялық ҳәм әмелий тийкарлары

1.1. Материал-техника ресурслары ҳаққында түсиник ҳәм олардың әҳмийети, қәсийетлери ҳәм классификацияланыўы

1.2. Аўыл хожалығының материал-техникалық ресурслар дәрежесин есаплаўшы көрсеткишлер ҳәм оларды анықлаў тәртиби

2-бап. Аўыл хожалығының материал-техникалық ресурслары ҳәм олардан пайдаланыў нәтийжелиги

2.1. Материал-техникалық ресурслардан пайдаланыў нәтийжелиги2.2. Инновациялық техника, технологиялар ҳәм инновациялық басқарыўды аўыл хожалығында қолланыўдың нәтийжелиги

2.3. Пән техниканың раўажланыўы, оның бағдарлары, нәтийжели технологиялар

Жуўмақлаў

Пайдаланған әдебиятлар

## Кирисиў

Аўыл хожалығының материал-техника ресурслары дегенде тармақта, оның хожалық жүритиўши субиектлеринде бар болған тийкарғы фондлар, хожалық инвентарлар жыйындысы түсиниледи. Агро санаат комплекси тармақларының, әсиресе аўыл-хожалығының материал-техника базасын беккемлеў жүда улкен әҳмийетке ийе. Себеби ислеп шығарыўдың механизацияласқанлық дәрежеси тиккелей тармақта, хожалықларда бар техниканың муғдары ҳәм сапасына байланыслы. Егер техникалар жетерли муғдарда болмаса демек, аўыл хожалық жумысларын өз агротехникалық мүддетлеринде орынлаў мүмкин емес. Булл өз нәўбетинде барлық нәтийжелик көрсеткишлердиң пәсийиўине алып келиўи турған гәп. Бирғана сол мысалдың өзи ислеп шығарыўда материал-техника ресурсларының әҳмийети қәншелли үлкен екенлигин көрсетеди. Ҳәр қандай тармақтың материал-техникалық базасын ислеп шығарыўдың тийкарғы факторларынан бири саналады. Бизге белгили өндирис процеси жүз бериўи ушын тийкарғы фондлар, шийки затлар, мийнет ресурслары ҳәм исбилерменлик қәбилетлери болыўы ҳәм олар биргеликте искерлик көрсетилиўи лазым.

Мәмлекетте алып барылып атырған эканомикалық сиясат нәтийжесинде аўыл-хожалығының материал-техника базасы кейинги жылларда жәнеде беккемленип бармақта. Аўыл хожалық өндирисинде «Кейс», «Магнум» сыяқлы жоқары өнимли техникалар кирип келмекте.

## 1-бап. Аўыл хожалығы кәрхананың материал-техникалық тәминлеўдиң теориялық ҳәм әмелий тийкарлары.

### 1.1. Материал-техника ресурслары ҳаққында түсиник ҳәм олардың әҳмийети, қәсийетлери ҳәм классификацияланыўы.

Мәмлекеттиң, халықтың ҳәмде сыртқы базардың талапларын сапалы аўыл-хожалық өнимлери менен қандырыў ушын оларды жетилистириўин көбейттириў обиектив зәрүрлик есапланбақта. Буның ушын талап етилген муғдарда ҳәр қыйлы ресурслар бар болыўы керек. МәселенҮ жер, суў, бина, имаратлар, машиналар, тракторлар, тоғай, бағлар, шарўа маллары, тәбийий ресурслар, химиялық қураллар, мийнет ресурслары. Лекин бул материал-техника ресурслары қурамына пул қәрежетлери ҳәм басқалар кирмейди. Олар аўыл-хожалығының материал-техника ресурсларын қурайды. Сол ресурслар жәрдеминде аўыл-хожалығында ҳәр қыйлы жумыслар, хызметлер орынланып, өнимлер жетистириледи. Олардың сапасын жағдайын жақсылаў қайтадан жаратыў мақсетинде илим-техниканың раўажланыўында әмелге асырылады. Соның нәтийжесинде мол өнимлер тез писер сортлар, ҳәр тәреплеме қолайлы ҳәм нәтийжели есапланған техникалық жетекши технологиялар жаратылды.

Сол ресурслардың аўыл-хожалығында ислеп шығарыўдың әҳмийети жүдә үлкен. Себеби барлық түрдеги дийханшылық

өнимлерин жетистириўде жерден пайдаланылады. Демек жер болмаса, жоқарыдағы өнимлердиң жетистирилиўи тәминленбейди.

Мәмлекетимиздиң дийханшылығы суўғарыўға тийкарланғанлығы себепли суў ресурсларының әҳмийети жүдә үлкен.

Аўыл хожалығының материал-техникалық ресурсларын экономикалық мазмуны, әҳмийети мәниси ҳәм пайда болыўы ҳәмде пайдаланыў бойынша қ-сызылмадағы тәртипте бөлеклерге ажыратыў мүмкин. Оларға:

1 – пайда болыўы бойынша;

2 – ислеп шығарыўына қатнасы бойынша;

3 – ислеп шығарыўда қатнасыўына қарай;

4 – тәкрар ислеп шығарылыўы бойынша.

Демек, аўыл-хожалығының материал-техника ресурслары республиканың халық хожалығы ресурсларының зәрүр бөлеги есапланады. Олар мүлик сыпатында тармақтың, кәрханалардың экономикалық негизин, тийкарын қурайды.

Кәрханалардың материал-техникалық базасы беккем болса, оларда экономикалық жақтан раўажланыў ушын тийкар болыўынан дәлил береди. Аўыл-жожалығының материал-техникалық ресурслары болыўы бойынша тәбийий ҳәм экономикалық ресурслардан ибарат.

Тәбийий ресурсларға жер, суў, тоғай, үй ҳайўанлары, ыссылық ҳәмде жаўыншылық тан  ибарат. Олардың тийкарғы

бөлеги мәмлекет тийкарында болып, кәрханаларға пухараларға пайдаланыў ушын бериледи.

Материял – техникалық ресурсларының бөлистирилиўи

| Пайда болыўы бойынша | Ислеп шығарыўға қатнасы бойынша |
| --- | --- |
| Тәбийий | Пайдаланылатуғын |
| Экаиомикалық | |
| Материаллық | Пайдаланыў мүмкин |
| Финанслық | Ислеп шығарыўда қатнасыўы |
| Мийнет | Туўры қатнасатуғын |
| | Қосымша қатнасатуғын |

Тәкрар ислеп шығарылыўы бойынша

| Тәкрар ислеп шығарылатуғын | Тәкрар ислеп шығарылмайтуғын |
| --- | --- |

3-сызылма

Экономикалық ресурслар болса экономикалық потенциалдың қурамалық болеги болып, материаллық, пенанслық, ҳәм де мийнет ресурсларынан қуралады. Аўыл қожалығын:

- Финанслық ресурсларына ислеп шығарыўдың материаллық қураллары: виналар, имаратлар, машиналар, тракторлар, барлық түрдеги химиялық қураллар, төгинлер, туқымлар, дәнлер, от-жемлер, жанылғы майлаўшы қурылыс ҳәм басқада материаллар киреди.

- Финанслық ресурсларына мәмлекет тәрепинен ажыратылған жамғармалар хожалықлардың дәраматлары, ағымдағы валюта сшйотларындағы, ғазнадағы пуллары, амортизация фонды, акциялардан алып атырған пайдалары, банк кредитлери ҳәмде ишки ҳәм сыртқы инвестицияларын әмелге асырыў нәтийжесинде алынып атырған пуллар, тийкар салыўшылар ҳәм басқа дереклерден келип түсетуғын пуллар киреди.

Олардың аўыл – хожалығында ислеп шығарыўындағы орны ҳәм әҳмийети жүдә үлкен. Себеби тәкирар ислеп шығарыў процесинде дийханшылық ҳәм шарўашылық өнимлери талап дарежесинде жетистирилиўи ҳәмде ис ҳәм хызметлел кеўилдегидей орынланыўы барлық ресурсларының муғдарына ҳәм сыпатына байланыслы.

Республика дийханшылығы суўғарыўға тыйкарланғанлығы себепл суўғарылатуғын жерлер ҳәм суў ресурсларының тәсири жүдә улкен. Тармақтың материал – техникалық базасының

беккемлениўи, ислеп шығарыў процеслериниң әмелге асырылыўы тийкарынан финанслық ресурслар менен байланысқан. Солай екен, келешекте аўыл –хожалығының материал- техникалық ресурслары талап дәрежесинде енгизилиўине айрықша итибар бериў зәрүр. Оны мәмлекет тармақ ҳәм хожалықлар көлеминде әмелге асырыў мақсетке муўапық болып есапланады.

Аўыл-хожалықтың материал- техникалық ресурслары тармақта пайдаланылатуғын ҳәм пайдаланылмайтуғынларға бөлинеди. Тармақта ол яки булл мақсетте пайдаланылып атырғанлары-пайдаланып атырған ресурсларды, тармақта бар болып, айырым обиектив ҳәм субиектив себеплерге көре, пайдаланылмай атырғанлары болса, пайдаланылмай атырған ғазийне ресурсларын қурайды. Пайдаланылмай атырған ғәзийне ресурсларына ғәзийнедеги мелиоратив жерлер, айырым суў ҳәўизлериндеги суўлар, тоғайлар киреди.

Тармақ кәрханаларында пайдаланылмай атырған материал-техникалық ресурслары барлық ресурслардың ең әҳмийети бөлеги есапланады. Олар ислеп шығарыў процесинде қатнасыўына қарай, төмендеги топарларға бөлинеди:

- ислеп шығарыў процесинде тиккелей ислетилетуғын, яғый қатнасатуғын ресурслар;
- ислеп шығарыўда тиккелей емес қатнасатуғын ресурслар.

Ислеп шығарыўда тиккелей ислетилетуғын ресурслар жәрдеминде ҳәр түрли өнимлер ислеп шығарылады, ислер ҳәм

хызметлер орынланады. Оларға егин егилген жерлер, жайлаў ҳәм майданлар, егинлерди суўғарыў ушын сарыпланып атырған суўлар, машина, жер айдап атырған, егинлерге ислеў берип атырған тракторлар, комбайн, өнимди көбейттириў ушын сарыпланып яғный жумсалып атырған химиялық қураллар, төгинлер, ҳайўанларға берилип атырған от-жемлер, шарўа ҳайўанлары, миййели тереклер ҳәм басқалар киреди. Солар жәрдеминде көбирек, жақсырақ өним жетистириў тәминленеди.

Кәрханалардың склад, басқарма биналары айырым иматлар, техникалары, байланыс қураллары, компютер ислеп шығарыў процесинде қосымша қатнасады. Оларды өним жетистириўине қатнасы шекленген.

Материал- техникалық ресурслардың өним жетистириўинде, аўыл-хожалығын раўажландырыўда үлкен әҳмийетке ийе. Соның ушын оларды жаратыў, пайда етиў, тәкрар ислеп шығарыў зәрүр. Сол менен бирге олар мийнеттиң ҳәрекетин өзгерттирип, өнимдарлықтың жоқарылаўын тәминлейди. МәселенҮ хожалықтың материал- техникалық базасы қаншелли беккем (ол зәманагөй машиналар, тракторлар, комбайнлар, станоклар менен тйминленген болса), барлық жумыслар сол техникалық қураллар жәрдеминде орынланыўы тәминленеди. Мийнеттиң индустрласқанлығын көрсетиўши бундай шараят нәтийжесинде қол күши менен исленетуғын жумыслар кемийеди. Булл мийнеттиң характери

өзгерип атырғанлығынан дерек береди, сол ўақытта жумысшы-хызметшилердиң билими, стажы асырылыўын талап етеди.

Аўыл-хожалық материал- техникалық ресурслары өзине тән бир қанша қәсийетлерге ийе. Айырым материаллық ресурслар тәбият өними есапланады. Олардан жер, суў, температура, жаўынгершилик (олар ҳаққында жер ҳәм суў ресурслары мәселелерине берилген бапта көбирек айтылған). Олар пайда болыўы ҳәм тәкрар ислеп шығарылыўы көбирек тәбиятқа байланыслы. Бирақ аўыл хожалыәғында бәнт болған пухаралар өзлериниң билимлерин, тәжрийбелерин иске салған, пән-техника утысларыдан, алдағы технологиялардан пайдаланған ҳалда бул тәбийий факторлардан нәтийжели, орынлы пайдаланыўға ҳәрекет қылады, әне сол жағдайда жақсы нәтийжелерге ериседи. Соның ушында тармақ ислеп шығарыўы тәбиятқа да байланыслы.

Аўыл хожалығының материал- техникалық ресурслары қурамына шарўа ҳайўанлары, өсимликлер, миййе тереклер қатнасыўы, тармақтың әҳмийетли қәсийети екенлигине айрықша итибар бериў, сондай-ақ, санаат тармақларында ислеп шығарылған материал- техникалық қураллары, тракторлар, машиналар, механизмлер, үскенелер, химиялық қураллар жанылғы ҳәм майлаўшы материаллар ҳәм басқалардың қатнасыўы да итибарға алыў зәрүр.

Санаат тармақларында материал- техникалық қураллары, бизге белгили, инсан мийнети жәрдеминде нәтийжесинде

жаратылады. Олардан пайдаланыў нәтийжелиги тармақтың ислеп шығарыў мәўсимлилигине де байланыслы.

Аўыл-хожалығының беккем материал- техникалық базасын жаратыўда, жоқарыда айтып өтилген қәсийетлерди итибарға алыў, сондай-ақ ислеп шығарыўдың жайласқанлығы, ҳәмде масласқанлығына айрықша әҳмийет бериў мақсетке муўапық болып табылады. Сол менен бирге алдағы технологиялардың енгизилиўин ҳәмде технологиялық процеслерде исленип атырған барлық жумысларды механизацияластырыў, автоматластырыў имканын жаратыў лазым.

Жоқарыдағы талапларға жуўап беретуғын материал-техникалық ресурслары тийкарынан төмендеги дереклер есабынан пайда болады Y

- карханалардың пуллары яғный қәрежетлери;
- шеттен алып келинетуғын қәрежетлер.

Биринширисине кәрханалардың өним сатыў, жумыс ҳәм хызметлер орынлаў мақсетинде алынып атырған пул дәраматлары, бөлистирилмеген пайдадан ажыратылып атырған жамғарма, амортизация фондынан ажыратылған жамғарма, амортизация фонды есапланған жамғарма, пайдаланылмай атырған айырым ислеп шыгарыў қуралларын сатыўдан, ижараға берилип атырған қуралларден пайдаланыў нәтийжесинде ҳәм басқа дереклерден алынған жамғармалар киреди. Бунда хожалықлардың акциялар шығарып сатыўдан, алып атырған пул дәраматлары да әҳмийетли

дерек есапланады. Лекин бул маселе республика аўыл хожалығында ҳәзирше шешилгени жоқ. Жүдә зарүр болған булл маселени келешекте әлбетте шешиў зәрүр.

Екиншисине ирригация-мелиорацияға, экологияға ҳәм де социаллык тараўларға мамлекет бюджетинен ажыратып атырған қәрежетлер, мамлекет ыктыяжлары ушын сатып алынып атырған өнимлерге мамлекет есабынан ажыратылатуғын транш қарежетлери, шериклеслердиң пуллары ҳәм басқаларда киреди.

## 1.2. Аўыл-хожалығының материал-техникалық ресурслар дәрежесин есаплаўшы көрсеткишлер ҳәм оларды аныклаў тәртиби

Аўыл-хожалық карханаларын материал- техникалық ресурслары менен талап дарежесинде тамийнлеўге барқулла үлкен итибар берилмекте. Себеби бул сарыпланатуғын мийнет ҳәмде пул қәрежетлери кемейиўи, мийнет өнимдарлығы жоқарылап, пайда суммасы көбейиўи ушын имканият жаратады. Солай екен аўыл-хожалық кәрханаларының материал- техника қураллары менен тәминлениўи бул қураллардан пайдаланыў процесин ҳәм булл ўаққындағы өзгерислерди билиў талап етиледи. Бунығ ушын бир қанша көрсеткишлерден пайдаланыў мүмкин. Ең дәслеп, бул тараўдағы тийкарғы көрсеткиш- кәрханалардың материал-техникалық ресурслар менен тәминленгенлик дәрежеси көрсеткиши есапланады.

Хожалық өз искерлигинде әмелге асырылатуғын тез ҳәм сыпатлы орынлаўға умтылады, булл процесте техника қураллары ортасында пропорционаллықты тәминлеўге айрықша итибар береди.

Себеби – тракторлар көп, оларға тиркелилетуғын механизмлер кем яки керисинше болса, күтилген нәтийжеге ерисип болмайды. Шарўа ҳайўанлары көп болып, от-жем кем болыўы да пайдасыз есапланады. Демек, кәрханалар нәтийжели теңсалмақлық материал-техникалық ресурслар менен талап дәрежесинде тәминленген

болыўлары керек. Оның дәрежесин төмендеги формула жәрдеминде анықлаў мүмкинҮ

$$МТР_{тд} = \frac{С_3 + (АФ - АВ_3) + А_йФ_3 + Б_3}{С}$$

Бунда:

$МРТ_{дт}$ – материал-техникалық ресурслар менен тәминленгенлик дәрежеси, сўм;

$С_3$ –аўыл-хожалық жерлериниң муғдары (сўм);

$Ав_3$ - тийкарғы қуралларадың орташа жыллық муғдары

$АФ_3$ – тийкарғы фондлардың орташа жыллық ескертиў яғный гөнериў муғдары (сўм);

$А_йФ_3$ – айланыс фондларының орташа жыллық муғдары

$Б_3$ – бағлар, токзоллардың орташа жыллық муғдары

Булл көрсеткиш жәрдеминде ҳәр бир хожалық ықтыярындағы пайдаланып атырған 1 гектар аўыл хожалық жерине яки еркин майданына неше сўмлық материал-техникалық ресурслар келетуғынлығы анықланады. Оның муғдары талап, яғный норма дәрежесинде болыўы керек. Булл улыўмалық көрсеткиш мақсет ҳәм ўазыйпалардан келип шыққан ҳалда басқа анық көрсеткишлер жәрдеминде жәнеде анықластырылады.

Аўыл-хожалығының материал-техникалық базасын беккемлеў мақсетинде химиялық қуралларды, соның ишинде минерал төгинлерди сатып алыўға айрықша итибар берилмекте.

Себеби олар топырақ өнимдарлығын асырып, егинлер ҳасылдарлығының жоқарылаўын, жабайы отлар ҳәм зыянлыларды азайттырып, мийнет ҳәм пул қәрежетлерин кемейттиреди, өнимниң сыпаты жақсыланады.

Аўыл-хожалығының материал-техникалық базасы ислеп шығарыў процесиндеги искерлигине көре, мийнет придметлери ҳәм мийнет қуралларына бөлинеди. Экаyомиканың түрли тармақларында жаратылып, аўыл-хожалық өнимлерин жетистириўде инсан мийнети жәрдеминде ислеп шығарыў процесинде бир мәрте қатнасып, өз көринислерин өзгерттиретуғын предметлер, тармақтың мийнет предметлерин қурайды.

Оларға санаат тармақларында ислеп шығарылған жанылғы, майлаўшы материаллар, химиялық төгинлер, жжем ҳәм басқалар киреди. Олар тармақтың өним ислеп шығарыў ҳәм хызмет көрсетиў процестеринде бир мәрте қатнасып, өз көринисин ямаса формаларын толық өзлестирип, муғдарын ҳәм оларға өткизетуғын предметлер есапланады. Тармақта бәнт болған инсанлардың мийнети, мийнет предметлери жәрдеминде бир неше жыллар даўамында пайдаланылатуғын нәрселер мийнет қураллары есапланады. Олар тәбият тәрепинен ҳәмде санаат, аўыл-хожалық тармақларында жаратылған болып, түрли ҳәр өнимлерди жетистириўде, хызметлерди, жумысларды орынлаўда бир неше жыллар даўамында пайдаланып, өз көринисин, формасын өзгерттирместен, лекин муғдарының белгили бир бөлегин

өнимлерге, жумысларға, хызметлерге өткизип баратуғын қураллар есапланады. Оларға аўыл-хожалық техникалары есапланған машина-тракторлар, комбайнлар, сейалкалар, култиваторлар, суўғарыў қурылмалары, имаратлар, станоклар ҳәм басқалар киреди. Жерлер тәбийий тоғайлар-тәбият өнимлери болып табылады.

Жумысшы ҳәм өнимдар шарўа ҳайўанлар, бағлар, таўлардан, аўыл-хожалық өнимлерин жетистириў ушын бир неше жыллар даўамында пайдаланылады. Тийкарғы қураллар жыллар даўамында физикалық ҳәмде рууҳый жақтан ескиреди. Пән – техниканың раўажланыўы нәтийжесинде жаңа заманагөй техникалардың жаратылыўы себепли олар жақтан да гөнереди.

Амортизация – булл ислетилген ислеп шығарыў қуралларын пул көринисинде қапланыўы болып табылады. Ҳәр бир кәрханада амортизация фонды дүзиледи.

Тийкарғы қуоаллардың гөнериўин олардың әмелдеги гөнериў нормалары (нормативлери) жәрдеминде анықлаў мүмкин. Олардың гөнериў муғдары амортизация сўммалары деп аталады. Тийкарғы қуоаллардың гөнериў нормасын белгилеп бериўши амортизация нормасы тийкарында олардың ескириў муғдары (сўммасы) төмендеги формула жәрдеминде анықланады:

$$A_3 = \frac{AB_3}{AB_{е,м}} * 100 \text{ яки } \frac{AB_3}{AB_{е,м}}$$

Бунда:

$A_3$ - тийкарғы қуоаллардың амортизация сўммасы

$AB_3$ – тийкарғы қураллардың баланс муғдары

$AB_{е,м}$ – тийкарғы қураллардың гөнериў нормасы (коеффицентте жылда)

Тийкарғы қуралардың гөнериў нормасы (нормативи) берилмегенде тийкарғы қураллардың баланс муғдары оның хызмет мүддетине бөлиў, бөлистириў нәтийжесинде ескертиў нормасы анықланады. Хожалықта бир неше жыллар даўамында ислетилген капитал исленген болса, олар баланс мәнисине қосылады.

Гөнериў муғдары жетистирилетуғын өнимге, хызметлерге белгиленген тәртипте өткериледи.

Мийнет етиў қәбилетине ийе болған пухаралар мийнет предметлеринен ҳәмде мийнет қуралларынан ақылана пайдаланыў нәтийжесинде ҳәр түрдеги сыпатлы аўыл-хожалық өнимлери жетистирилип, пайдалы хызметлерин орынлайды. Олардың жыйындысын аўыл-хожалық қураллары ҳәм фондлары қурайды. Аўыл-хожалық фондлары тармақтағы ислеп шығарыў процеслеринеде қатнасыўы яки пайдаланыўына көре, ислеп шығарыў фондлары ҳәм ислеп шықарыўсыз фондларынан турады.

Олар аўыл-хожалықтың ислеп шығарыўында қатнасыўының зәрүрлиги ҳәмде мүддетине күре, жоқарыда көрсетилгениндей, тийкарғы ҳәм айланыс фондларға бөлинеди.

Тийкарғы қураллар экономикалық мәнисине қарай, аўыл-хожалығының өндирис процесинде бир неше жыллар даўамында қатнасып, муғдарын ислеп шығарып атырған өнимлерге,

орынлап атырған хызметлерге жылдан-жылға өткерип барады (яғный ескириў мәниси). Оларды натурал түрдеги көринисине қарай, тийкарғы ҳәм айланыс қураллар, улыўма жағдайда болса ислеп шығарыў қураллары  деп аталады.

Бундай қураллар әө минимал айлықтан жоқары мәниске ийе болған ҳәм ә жылдан көбирек хызмет ететуғын ислеп шығарыў қураллары болып есапланады. Оларға аўыл-хожалық жерлери, машиналар, тракторлар, биналар, имаратлар, транспорт қураллары, қурылмалар станоклар, жумысшы, өнимдар ҳайўанлар, көп жыллық мийўели тереклер ҳәм басқалар киреди.






101- суўрет. Тийкарғы қураллар қурамы

Тийкарғы ҳәм айланыс қураллар өним ислеп шығарыў, аўыл-хожалығын раўажландырыўда үлкен әҳмийетке ийе. Себеби оларсыз талапты қандыратуғын муғдарда, сыпатлы өним ислеп шығарыў мүмкин емес. Олардан нәтийжели пайдаланыў нәтийжесинде мийнет ҳәм дәраматлары қәрежетлери тежеледи. Демек, тийкарғы ҳәм айланыс қураллардан нәтийжели ҳәм ақылана пайдаланыў нәтийжесинде аўыл-хожалықтың экaномикасы раўажланады. Нәтийжеде халықтың социал-экaномикалық жағдайы жақсыланады.

Соның ушын бундай нуралларды жаратыўға, қурыўға, қайта ислеўге, олардан жақсы пайдаланыўға айрықша итибар берилмекте.

Тармақта өнимниң ислеп шығарыўда тийкарғы рөл аўыл-хожалығында қатнасыўшы фондларға тийисли болып, себеби олар

тийкарғы ислеп шығарыў фондының 80 % тин қурайды. Булл фондларға төмендегилер киреди:

- Жер ресурслары;
- Биналар;
- Имаратлар;
- Машина ҳәм техникалар;
- Транспорт қураллары;
- Ислеп шығарыў ҳәм хожалық инвентарлары;
- Саўын сыйырлар;
- Гөшке бағылған қара маллар;
- Көп жыллық егинлер




102-суўрет. Айланыс қураллар қурамы.

## 2-бап. Аўыл-хожалығының материал-техникалық ресурслары ҳәм олардан пайдаланыў нәтийжелиги.

### 2.1. Материал- техникалық ресурслардан пайдаланыў нәтийжелиги.

Аўыл-хожалығының интенсив раўажланыўында, бар болған өндирис патенциалының нәтийжелигин асырыўда материал-техникалық базасының әҳмийети үлкен болып, оны тиклеў, кеңейттириў, қайта дүзиў ҳәм реконструкция қылыў талап етиледи.

Аўыл-хожалығының материал-техникалық базасы аўыл хожалықта бар болған барлық мийнет қураллары ҳәм мийнет буйымлары жыйындысы есапланады.

Оның қурамына жер ресурслары, өндирис имаратлары, қурылмалары, аўыл- хожалық машиналары ҳәм үскенелери, транспорт қураллары, өнимдар ҳәм жумысшы ҳайўанлар, көп жыллық тереклер, суў ресурслары дәнлер, шарўа азықлары, нефт өнимлери, төгинлер, химиялық қураллар, от-жемлер, жанылғы, майлаўшы, қурылыс материалларыҳәм басқалар киреди.

Фермер хожалықлары материал-техника базасының қурамлық системасы:

- Фермер хожалықларындағы жер ушасткалары;
- Фермер хожалықларындағы көп жыллық тереклер ҳәм жүзим бағлары;
- Шарўа фирмаларының өнимдар ҳәм жумысшы ҳайўанлар;

- Фермер хожалықларындағы бина, имаратлар, техникалар, машиналар ҳәм басқа жумыс қураллары;
- Фермер хожалықларындағы айланыс дәраматлар(туқымлық, азуқа, ЖМӨ, минерал төгинлер);
- Фермер хожалықлардың есабатындағы пул дәраматлары, қымбат баҳалы қағазлар;
- Фермер хожалықлардың тасисшилиги тийкарында дүзилген анық МТП, СФУ, ҳәм агро фирмалар есабындағы мал-мүлк.

Моддий материал ресурслар жәрдеминде аўыл-хожалығында ҳәр қыйлы жумыслар, хызметлер орынланып, өнимлер жетистириледи. Пән-техниканың раўажланыў нәтийжесинде олардың сыпаты, жағдайы жақсыланады, жаңаларды жаратыў мақсетинде кең көлемдеги жумыслар орынланады. Материал- ресурсларды ислеп шығарыўда қоллаў нәтийжесинде өнимдар, тезписер сортлар, өнимдар шарўа маллар, ҳәр тәреплеме қолайлы ҳәм нәтийжели есапланған алдағы технологиялар жаратылады.

Аўыл-хожалығының материал-техника ресурслары республика эканомикасы ресурслардың әҳмийетли бөлеги есапланады. Олар мүлк сыпатында тармақтың, карханалардың эканомикалық тийкарын қурайды. Карханалардың материал-техникалық базасы беккем болса, оларда эканомикалық жақтан раўажланыў ушын тийкарланғанынан дәлил береди.

Буннан көринип турыпты, фермер хожалықлардың жоқардағы материал-техникалық қуралларға ийе болмаўы, оларды

ендигиде экономикалық беккем хожалық сыпатында искерлик көрсете алмаўын билдиреди.

Ҳәр бир аймақта фермер хожалықлардың материал-техникалық тәминатын беккемлеўде есапқа алынатуғын факторларға төмендегилер киреди:

- Аймақлар бойынша аўыл-хожалық өнимлерин ислеп шығарыў қурамы;
- Фермер хожалықлардың ихтисосласқанлық дәрежеси;
- Аўыл хожалық егинлердиң қурамы;
- Аўыл хожалық егинлердиң өнимдарлығы ҳәм шарўа маллардың өнимдарлығы;
- Аўыл хожалық егинлердиң материал-техника ресурсларына болған талабы.

Фермер хожалықларының материал-техникалық қураллар менен тәминлеў ҳәм беккемлеў мәмлекет көлеминде материал-техникалық ресурсларын ислеп шығарыўға тийкарланған карханалар искерлигин модернизацияластырыў, яғный өз ара гүресетуғын, ишки ҳәм сыртқы базарға сыпатлы ҳәмде талапдар өнимлер ислеп шығарыўға тийкарланған кәрханалар санын көбейтириўди талап етеди.

Фермер хожалықларының материал-техникалық тәминатын раўажландырыўдың тийкарғы бағдарлары төмендегилер есапланады:

- ҳәр бир аўыл-хожалық аймағына тән ҳәм экономикалық нәтийжели болған механизация системасын қәлиплестириў;

- Жерлердиң мелиоратив жағдайын жақсылаў, аўыл-хожалық егинлерин суўғарыўда алдағы технологияда қоллаў арқалы жер ресурслардан нәтийжели пайдаланыў;
- өнимдар түрдеги ҳайўанлар менен тәминлеў;
- Keселликке шыдамлы, тезписер ҳәм жоқары өнимдар аўыл-хожалық егинлерин тұқымлар менен тәминлеў;
- Аўыл-хожалығында минерал төгинлерден нәтийжели пайдаланыў, биологиялық қураллардан пайдаланыў көлемин кеңейттириў;
- Ислеп шығарыў бина ҳәм имаратлардың қурылыўына әмелий жәрдем көрсетиў;
- Материал-техникалық ресурсларды сатып алыў ҳәм пайдаланыўда жеңилликлер киритиў;
- Хызмет көрсетиў ҳәм тәминат бағдарындағы кәрхана ҳәмде шөлкемлерди нәтийжели жумыс ислеўин тәминлеў.

Материаллық ресурслардың аўыл хожалығында ислеп шығарыўындағы орны ҳәм әҳмийети жүдә үлкен. Себеби тәкрар ислеп шығарыў процесинде дийханшылық ҳәм шарўашылық өнимлерин талап дәрежесинде жетистирилиўи ҳәмде жумыс ҳәм хызметлер кеўилдегидей орынланыўы, барлық ресурслардың муғдарына ҳәм сыпатына байланыслы.Республикада дийханшылық суўғарыўға тийкарланғанлығы себепли суўғарылатуғын жерлер ҳәм суў ресурсларының тәсири жүдә үлкен. Тармақтың материал-техникалық базасының беккемлениўи, өндирис процесиниң әмелге

асырылыўы, тийкарынан финанслық ресурслар менен байланысқан. Солай екен, келешекте аўыл- хожалығының материал-техникалық ресурслардың талап дәрежесинде пайда болыўына айрықша итибар бериў зәрүр. Сол менен бирге материал ресурслар мийнеттиң ҳәрекетин өзгерттирип, өнимдарлықтың жақсыланыўын тәминлейди.

Экаомиканы еркинлестириў ҳәм модернизациялаў шараятында материал-техникалық ресурслар базарын раўажландырыўдың обиектив зәрүрлиги төмендегилер менен белгиленедиҮ

- Тийкарғы түрдеги материал-техника ресурсларын шығарыў ҳәм тәминлеўге тийкарланған кәрханалардың монопол жағдайына шыдаў мақсетинде оларға турақлы ҳәм гүресе алатуғын тармақларды дүзиў ҳәм раўажландырыўҢ
- Аўыл-хожалық өнимлери менен санаат өнимлериниң баҳалар ортасындағы пропорционал балмаўға барҳам бериўҢ
- Материал-ресурслар базарында ҳақыйқый талап ҳәм усыныс қатнасықларын қәлиплестириўҢ
- Айырым түрдеги материал ресурсларын ислеп шығарылыўын жолға қойыў (булл түрдеги ресурсларды шеттен алып келиниўине ислеп шығарылып атырған өним баҳасының жоқары болыўына себеп болады)Ң
- Материал-техника ресурсларына болған мүтәжлерди өз ўақтында ҳәм сыпатлы қандырыўға интилиўши фермер хожалықларына лизинг ҳәм ипотека қатнасықлары

тийкарында, сондай-ақ, туўрыдан-туўры шет елден өним сатып алыўға еркинлик бериўди тамийнлеў.

Ҳәр бир қандай ислеп шығарыў сыяқлы аўыл хожалық өнимлерин ислеп шығарыў ушын ҳәм өндирис қуралларының нормалық көлемде бар болыў күтилмекте.

Мийнет предмети менен мийнет қураллары биргеликте ислеп шығарыў қуралларын қурайды.

Мийнет предметине тәсир көрсетип, өним ислеп шыгарыўда адамлар тәрепинен пайдаланылатуғын барлық буйымлар ҳәм мийнет қураллары деп аталады. Адам мийнети ислеп шығарыўдың кайсы материаллық элементлерине қаратылған болса, сол материаллық элемент мийнет предмети деп аталады.

Аўыл-хожалығының материал-техникалық базасының эканомиканың баска тармақларынан бир неше қәсийетлери менен парық қыладыҮ

**БириншиденҮ** аўыл-хожалығының материал-техникалық базасында жер тийкарғы рөл ойнайды. Аўыл-хожалығында тийкарғы өндирис қуралларының раўажланыўы тийкарғы туўры жерден қай дәрежеде пайдаланыўына байланыслы. Жердиң өнимдарлығы ҳәр қыйлы болып, өним бирлиги ушын ҳәр қыйлы муғдарда қәрежет сарыпланады. Булл болса ҳәр қыйлы өнимдарлыққа ийеболған жерлерде бир қыйлы муғдарда тийкарғы ҳәм айланыс қуралларға ийе болыў зәрүрлигин келтирип шығарады.

**ЕкиншиденҮ** аўыл-хожалығының материал-техникалық базасын ҳәр дайым тәбийий шараятлар тәсиринде болады. аўыл-хожалық аймақлық характерге ийе болып, ҳәр бир аймақта топырақ-ықлым шараятлары ҳәр қыйлы болыўы себепли ҳәр қыйлы системадағы машиналардан пайдаланыўға туўры келеди. Соның ушын аймақларда ҳәм аймақ ишиндеги хожалықларда материал-техникалық базасының қурамы да ҳәр қыйлы болады.

**ҮшиншиденҮ** аўыл-хожалығында жумыс ўақты менен ислеп шығарыў ўақты бир-бирине туўры келмеўи себепли, ислеп шығарыў мәўсимлик қәсийетке ийе болып, бул материал-техникалық қуралларынан өнимли пайдаланыўға кери тәсир көрсетеди. Ислеп шығарыў мәўсимлик болыўы запас дәнлик, азыўқа, жанылғы, майлаў материаллары ҳәм басқаларға ийе болыў зәрүрлигин келтирип шығарады.

**ТөртиншиденҮ** аўыл-хожалық материал-техника базасының бир бөлеги жанлы организим ( жумысшы ҳайўанлар, өнимдар маллар, паррандалар, көп жыллық тереклер ҳәм басқа) лардан ибарат болып, Олардан нәтижели пайдаланыў ушын белгили өндирис қуралларына ийе болыў керек.

**БесиншиденҢ** аўыл хожалығында раўажланып атырған транспорт хызмети, сыпатлы жол қурылыўын әмелге асырыў, аўыл -хожалық техникаларын оңлаў, жақсылаў ҳәм сақлаў көп муғдарда сарп-қәрежетти талап етеди.

Аўыл- хожалығының беккем материал-техника базасын жаратыўда жоқарыда айтып өтилген қәсийетлерди итибарға алыў, сондай-ақ ислеп шығарыўдың жайласқанлығына айрықша әҳмийет бериў мәқсетке муўапықдур. Сол менен бирге жетик технологиялардың енгизилиўин ҳәмде технологиялық процеслерде орынланатуғын барлық жумысларды механизацияластырыў, автоматластырыў имканын жаратыў керек.

Жоқарыдағы талапларға жуўап беретуғын материал-техника ресурслары, тийкарынан, төмендеги дереклер есабынан пайда болацыҮ

- кәрхананың дәраматларыҢ
- шет елден алынатуғын пул- қарыжлары.

Аўыл хожалығын жоқары дәрежеде раўажландырыў ушын оның материал- техникалық базасын беккемлеў керек. Тармақтың материал- техника ресурсларын қәлиплестирилиўи, раўажландырылыўы, олардан нәтиәжели пайдаланыў мәселелери пән-техниканың раўажланыўына ҳәм оның дәрежесине тиккелей байланыслы. Пән-техниканың раўажланыўы дегенде, аўыл хожалық пенен байланыслы болған барлық пәнлердиң раўажланыўы, билимли, қәнигели кадрлар таярланыўы нәтийжесинде нәтийжели жаңа техника жаратылыўы, барларды болса жетилистириўи нәзерде тутылады.

Пән-техниканың раўажланыўы мәмлекет сиясаты тийкарында әмелге асырылыўы, булл процесте қатнасыўшылардың басламасы, исбилерменлиги де уйғынласыўы лазым.

Пән- техниканың раўажланыўының тийкарғы мақсети жаңа, нәтийжели аўыл-хожалық техникаларын, экалогиялық талапларға жуўап беретуғын химиялық қуралларды, жаңа сортларды, затларды жаратыў, бар қуралларды жетилистириў, мийнеттиң ҳәрекетлерин өзгертирип, оның өнимдарлығын асырыў, ислеп шығарылатуғын өнимлер муғдарын көбейттириў, сыпатын жақсылаў, оларды қайта ислеп, тутыныўшыларға жеткерип бериў арқалы халықтың, мәмлекеттиң эканомикасын жоқарылатыў болып есапланады.

## 2.2. Инновациялық техника, технологиялар ҳәм инновациялық басқарыўды аўыл хожалығында қолланыўдың нәтийжелиги.

**Инновация** - инглизше «инноватион» сөзинен алынған болып, жаңа илимий-техникалық утысты билдирип, жаңа өнимди әмелде қолланыў процесине айтылады.

Базар экаcномикасының раўажландырыўдың ҳәзирги басқышында, инновацияларды енгизиў миллий карханалар бәсекилеслигин асырыў, олардың экаcномикалық ғәрезсизлигин ҳәм базардағы абройын беккемлеўдеги тийкарғы факторларынан бири есапланады.

Инновациялық искерлик, өндирис ҳәм инсан турмыслық искерлигиниң басқа тараўдағы мүтәжликлерин қандырыўдың әҳмийетли усылларынан бири есапланған ҳалда, ол пайдаланылатуғын өнимлердиң сыпат өзгерислери, искерлик қураллары ҳәм усылларын жаңалаў жолы менен әмелге асырылады. Бирақ сапасы өзгерислерин тек ғана фундаментал билимлер тийкарында өзгерттириў мүмкин болып, олар техникалық басқыштан өндирис тараўына өткен ҳалда алдынғы өзгерислерди келтирип шығарады. Сол тараўдағы изертлеўлердиң көрсетиўинше, санааты раўажланған мәмлекетлерде инновациялық искерлик өнимлерди сатыў есабына миллий дәраматтың ғ0 Ө ке дейин өсиўин тәминлеўи мүмкин.

Инновация – бар системалардың раўажланыўын басқарыў процеси болып, онда инновациялық өнимди әмелий қолланыў басқышына келинеди ҳәм базардың жетискенлигин тәмийнлейди.

Карханалар раўажланыўының тийкарғы стратегиясы төмендеги принциплерге тийкарланған инновациялық басқарыў сиясаты болып, оларды әмелге асырыў ушынҮ

- тәбийий ҳә ықлым ресурслардан ақылана пайдаланыўҢ
- жамғарылған, топланған байлықлардан өз орнында пайдаланыўҢ
- инвестицияларды актив өзине тартыўҢ
- инновацияларды қоллап қуўатлаў талап етиледи.

Инновациялық басқарыў - Өзбекистан экономикасы ушын тийкарынан жаңа түсиник болып, пән-техниканық раўажланыўын басқарыў процеслери ҳәм илимий-техникалық жетискенликлерди ислеп шығарыўға енгизиўдиң тийеарғы тәреплерин өз ишине алады.

Инновациялық басқарыў кархананың нәтийжели раўажланыўы ҳәм бәсеки қәлиплестириў факторы болып табылады. Инновациялық басқарыўдың ең әҳмийетли әмелий бири болып, оларҮ

- инновациялық процеслерди басқарыўдың нәтийжели системасын қәлиплестириў ҳәм оларды әмелге асырыўды нәзерде тутадыҢ
- инновациялық басқарыўдың тийисли теориялық базасын ислеп шығыўҢ

- инновациялық басқарыў тараўында бар машқалаларды шешиў усылларын тийкарлаўҢ

- инновациялық процеслер нәтийжелигин баҳалаў ҳәм оларға тәсир етиў қуралларын ислеп шығыў.

Кәрханада жүз берип атырған инновациялық процеслердиң нәтийжелиги, инновациялық стратегиясын қәлиплестириўде қолланылатуғын усылларға, инновациялық өним категориясына, ислеп шығарылып атырған инновациялық түрлерине, илимий-изертлеў жумыслар нәтийжелигин ислеп шығарыўда қолланылыўға байланыслы ьолады. Олар арасында ең әҳмийетли элементлер болып, олар төмендегилерҮ

- инновациялық ҳәрекетлердеги шешимлерди ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыўдың нәтийжели стратегияларыҢ

- мәлим бир шөлкемлик структурада бундай стратегияны әмелге асырыў процесин басқарыў механизими.

Исбилерменлик ислеп шығарыў, илимий-техника ҳәм маркетинг стратегиялары менен бир қатарда жоқарыда айтылған инновациялық стратегия, кархананың улыўма эканомикалық стратегиясының әҳмийетли бууыны сыпатында қаралады.

Ҳәзирги күнде илимий-техниканың раўажланыўы ҳәм базар талаплары, өним номенклатурасы ҳәм сыпатына жаңа талапларды қәлиплестирген ҳалда, талап ҳәм усыныс конюктурасында өзгерислерге алып келмекте. Ислеп шығарыўшылардың бундай өзгерислерге ылайықлығы, бәсекилеслердиң илгерилеп кетиўинен

дәлил береди. Кәрханалар сол өзгерислерге кеш масласыўынан жаман эканомикалық әҳибетлери кризис жағдайға ҳәм банкротлыққа алып келиўи мүмкин. Сол қатнасық пенен, ислеп шығарыў искерлигиниң дийерли барлық тараўларында, инновацияларға, келешектеги раўажланыў қуралы сыпатында қызығыўы асады. Кәрханаларды басқарыў әмелиятында бундай стратегияның қәлиплесиўи, инновациялық процеслерди нәтийжели басқарчў системаларын жаратыў зәрүрлигин және бир мәрте айтып өтиледи.

Инновацияның үш тийкарғы қуралы бар болыпҮ

- өнимлерҮ
- техника-технологияҢ
- шөлкемлик басқарыў.

Өнимлер инновациясы ең кең тарқалған болып, жүдә көп карханаларда бар. Бунда, бир кәрханадан басқа карханаға өтиў ҳәрекетлери парықланады. Айырымлар ушын дәстүрий бағдарға кириўши өнимлер ассортиментин алмастырыў яки өнимлер санын сезилерли дәрежеде асырыў, басқалар ушын тутыныў талапларын есапқа алған ҳалда, дәстүрий өнимниң тутыныў сыпатын асырыў болып табылады. Базыда жаңа өним ислеп шығарыў, ески асбап-үскенелерде әмелге асырылса, базыда болса, жаңа өним ислеп шығарыў кәрхананың жаңа техникалық-технологиялық жақтан безиў менен әмелге асырылады.

Технологиялық инновациялардың жетекши мотиви болып, талапты қандырыўшы жаңа өнимлер ислеп шығарыў есапланады. Соның менен бирге, инновацияларды жүзеге шығарыўшы себеплер түрлишеҮ технология процесиниң жетилисиўи, ресурсларды эканомлаў, экалогиялық талаплар, заманагөй экалогиялық қарарлардың жетиспеўшилиги ҳәм басқалар киреди. Ислеп шығарылып атырған өнимлердиң сыпатын асырыў, баҳасына сай түсириў ҳәм түрлерин кеңейттириў арқалы оның бәсекилеслигин асырыў технологиялық жаңалықларды пайда етиўдиң тиккарғы мақсети есапланады. Соныда айтып өтиўимиз керек, кейинги ўақытларда кәрханалардаүскенелерди алмастырыў, тийкарынан гүреске қарсы қурал емес, бәлки олардың руўхый гөнериўи себепли әмелге асырылмақта.

Шөлкемлик басқарыў инновациялар көбирек кархананың барлық дәрежелеринде, бөлимлерди, бөлимбе ҳәм хызметлерди дүзиў арқалы ҳәрекетленеди. МәселенҮ маркетинг бөлимлери, жаңа бағдарлар ҳәм өним сатыў усылларын жаратыў. Бунда ислеп шығарыў ҳәм персоналды басқарыў усылларын жетистириў ҳәм нәтийжесин асырыў бойынша инновация шара-илажларын көриў мүмкин.

Аўыл-хожалығында инновацияларды тартыў нәтийжелигин баҳалаўда ажыратылған дәраматлардың орны теңсиз болып табылады. Бул орында халық аралық финанс шөлкемлериде үлкен орынды ийелейди.

Агросанаат комплексине халық-аралық финанс институтлары тәрепинен ажыратылған кредитлер, тийкарынан, «пахташылықты қайта қурыў (раўажландырыў)», «ғәллешиликти хожалықларын қоллап-қуўатлаў», «Аўыл-хожалық кәрханаларын қурамын қайта қурыў», «Дженаж системасын жаратыў» ҳәм уқсас проектлерге ажыратылған болып табылады.

## 2.3. Пән техниканың раўажланыўы, оның бағдары, нәтийжели технологиялар.

Аўыл-хожалығын жоқары дәрежеде раўажландырыў ушын оның материал-техникалық базасын беккемлеў керек. Тармақтың материал-техникалық ресурслардың қәлиплестирилиўи, раўажландарылыўы, олардан нәтийжели пайдаланыў мәселелери пән-техниканың раўажланыўына ҳәм оның дәрежесине тиккелей байланыслы.

Пән-техниканың раўажланыўы дегенде, аўыл хожалығы менен байланыслы болған барлық пәнлердиң раўажланыўы, әмелге асырылыўы, билимли, қәнийгели кадрлар таярланыўы нәтийжесинде нәтийжели жаңа техникалар жаратылыўы, барлары болса жетистирилиўин нәзерде тутыў лазым. Бул жерде айтып өтиў керек, пәнниң раўажланыўы нөтийжесинде усы ўақытқа дейин болмаған клыўма жаңа пән - «Материал-техникалық ресурслары» да

жаратылыўы мүмкин. Булл процесс пән техник раўажланыўынан дерек береди. Демек пән-техниканың раўажланыў революциясы – интеллектуал ойдың раўажланыў өними есапланады. Буның ушын интеллектуалларды таярлайтуғын тәлим, қызықтырыўшылық системасын жаңа басқышқа көтерилиўин талап етеди. Олар аўыл хожалық ушын зәрүр болған қолайлы ҳәм нәтийжели машина, трактор, механизм, үскенелер жаратылыўын, барларды жетистирилиўин ҳәм өнимдар, тез писер егин сортларын, өнимдар шарўа затларын, жетик технологияларды жарататуғын пәнлердиң, пән-техника, технологияның раўажланыўын тәминлейди. Нәтийжеде материал-техникалық ресурслардың муғдары асады, сыпаты жақсыланады.

Бул процести республикамыз мысалында да көриў мүмкин. Пән-техниканы раўажландырыў жолынан баратырған Өзбекистанда аўыл-хожалығы ушын аўыл-хожалық машинасазлық кәрханаларында жаңа, сыпатлы айдаў, ислеў бериўши тракторлар, пахта теретуғын машиналар, химия санаатында политилер қовурлар, плйонкалар ислеп шығарылмақта. Жаўын жаўдырып топырақ астынан тамшылатып суўғарыў ушын жаңа нәтийжели техникалар жаратылмақта. Бул жағдай аўыл-хожалығында нәтийжели жетик технологиялар енгизилиўин тәминлейди.

Пән-техниканың раўажланыўы тек мәмлекет сиясаты тийкарында шешиўи, бул процесте қатнасыўшылардың басламаслығы менен исбилерменлиги де уйғынласыўы керек.

Пән-техниканың раўажланыўының тийкарғы мақсети жаңа нәтийжели аўыл-хожалық техникаларын экалогиялық талапларға жуўап беретуғын химиялық қуралларды, жаңа сортларды, затларды жаратыў, бар қуралларды жетилистириў, мийнеттиң ҳәрекетлерин өзгерттирип, оның өнимдарлығын асырыў, ислеп шығарылатуғын өнимлер муғдарын көбейттириў, сыпатын жақсылаў, оларды қайта ислеп, тутыныўшыларға жеткерип бериў арқалы халықты, кәрханалар ҳәм мәмлекеттиң эканомикасын жоқарылатыў болып табылады.

Пән-техниканың раўажланыўы аўыл-хожалығында төмендеги бағдарлар бойынша әмелге асырылыўы мақсетке муўапықдырҮ

- Жаңа жерлерди комплекс өзгертиў, шорлыжерлердиң мелиоратив жағдайын жақсылаў, суў менен тәминлениў илажларын әмелге асыратуғын өндирис қуралларын жаратыў, жетилистириўҢ
- Тезписер, кем суў талап ететуғын, сыпатлы ҳәм өнимли туқым сортларын, өнимдар шарўа затларын жаратыўҢ
- Аўыл-хожалық өндирисинде әмелге асырылатуғын барлық жумыс процеслерин автоматластырыў, электрлестириў химияластырыў ҳәмде механизацияластырыўды тәминлейтуғын қуралларды жаратыў, барларды жетилистириўҢ
- Аўыл-хожалығына сервис хызметлерин көрсетиў, тармақта ислеп шығарылған өнимлердиңзәрүр муғдарын қайта ислеп, сапалы сақлап, тутыныўшыларға ўақтында жақсы жағдайда жеткерип

бериў қәбилетине ийе болған исбилерменлик субиектлерин қәлиплестириўҢ

- Аўыл-хожалық экаменикасының еркинлестирилиўин тәминлеўши экаменикалық механизмлерди жаратыў ҳәм оларда турмысқа избе-излик пенен енгизиўҢ
- Пән-техниканың раўажланыў нәтийжелерин аўыл-хожалық өндирисиниң барлық тараўларына өз ўақтында жаратыў қәбилетине ийе болған қәнигели кадрларды таярлаў, жумыс ислеп атырғанларды болса қошаметлеўин жетилистириў имканиятына ийе болған механизмлердижаратыў.

Пән-техниканың раўажланыўы, сол бағдарлар бойынша әмелге асырылыўы нәтийжесинде аўыл-хожалық ушын зәрүр болған материал-техника ресурсларын жаратыў, барларды болса жетилистирилиўи тәминленеди.

Пән-техниканың раўажланыўы нәтийжесинде жаратылатуғын материал-техникалық ресурслары аўыл-хожалығында жаңа, нәтийжели технологияның пайда болыўы, бул процесс раўажландарыўын тәмийнлейди. Бул технологиялар жумыс процесиниң белгиленген мүддетте, сыпатлы орынланыўына, мийнет өнимдарлығының асыўына ҳәм қәрежетлердиң кемийиўине алып келеди. Ҳәзирги ўақытта пахташылықта «Андижан технологиясы» жаратылып республикада кең көлемде енгизилмекте. Бул усылда шигит алдыннан алып қойылған, республикада ис шығарылып атырған (дәслепки жылларда ол Қытай

республикасынан валюта алып келинер еди) плйонка астына егилмекте.

Нәтийжеде топырақ ызғарлығы ҳәм температурасы сақланып, шигиттиң тез өним шығыўына ерисилмекте. Плйонкалардан пайдаланыў пуштада басқа отлардың пайда болыўын кешиктиреди. Бул жағдай бириншиден, шөплерди жоқ қылыў жумысларын кемейттириў, екиншиден суў сарыпланыўын қысқарттырыў имканын бермекте.

Шигитти плйонка астына егиў нөтийжесинде пахта ҳасылының ерте писиўи ҳәмде оны қысқа мүддетте жоқары сортларда терип алыўын тәминлемекте. Сол себепли Андижан ўалаятында пахта өнимдарлығы ә***-ғ00ғ-жылларда орташа ғғ центнерди қурайды. Бул республикада ең жоқарғы көрсеткиш болып табылады. Ўалаятта ә центнер пахта жетистириў ушын *,ҳ мың сўм сарыпланбақта. Бул республикадағы орташа көрсеткиштен әқ,ү Өке кем. Нәтийжелер алдағы технологияның абзаллықларын дәлиллемекте.

Бул орында айтып өтиў керек, жаңа технологияны қоллаў ушын шарт-шараят жаратыў, оны әмелге асырыў процесинде айырым кемшиликлерге жол қойылмақта. МәселенҮ шигит егиў сеялкалары технология талаплары дәрежесинде жетилистирилмеген. Жабылған плйонка ўақтында толық жыйнап алынбаған , далаларда қалып қойғанлығы себепли топырақтың жағдайына ҳәмде айырым орынланатуғын жумысларына кери тәсир көрсетпекте. Ҳәзирги

ўақытта оларды шешиў барысында илимий ҳәм әмелий жумыслар алып барылмақта ҳәм бул  сыяқлы кемшиликлер шигит плйонка астына егилетуғын далаларды егинге таярлаў, егиў ҳәм оннан кейинги әмеллерди орынлаў процесинде де гүзетилмекте. «озаларды суўғарыўға «Исроил технология» сы да енгизилмекте. Сол усылдан пайдаланыў нәтийжесинде ә гектар пахта майданына ң-ө мәрте аз суў бериў тәминленеди. Голландияда жетистирилген картошка туқымы олардың техникалары менен егилип, өсимликлерге де голланд техникаларында ислеў берилип, олардың ҳасылыда сол технологиялар менен жыйнап алынды. Бул процесте тәжрийбелерден кең пайдаланды. Нәтийжеде республикамызда картошкашылық раўажланды. Ҳәзирги ўақытта халықтың тутыныўы ушын шеттен картошка сатып алыўға барҳам берилди. Шарўашылық тармақларында да жетик технологиялар енгизилмекте.

# Жуўмақлаў.

Жуўмақлап айтатуғын болсақ, мәмлекетимиздиң аўыл хожалығын раўажландырыўда, оның нәтийжелигин жоқарлатыўда материал-техника ресурсларының, пән-техника раўажланыўының ҳәмде жетик технологиялардың әҳмийети жүдә үлкен. Егер олар болған жағдайда, бизлер оларсыз аўыл-хожалықта гөзлеген нәтийжелерге ерисе алмаймыз.

Пән-техниканың раўажланыўы нәтийжесинде материал-техника ресурсларының жаңа, өнимли, шыдамлы, сапалы, түрлери жаратылады. Олардан ақылана пайдаланыў себепли жаңа, нәтийжели техналогиялар аўыл хожалығының өндирис процесине енгизилди. Олардан пайдаланыў дәрежесин, нәтийжелигин тийисли көрсеткищлер системасы жәрдеминде анықлаў лазым.

Алдағы нәтийжели технологияларaўыл хожалығының барлық тараўларда барлық факторларды итибарға алған ҳалда енгизилиўи керек.

Материал-техникалық ресурслары, пән-техниканың раўажланыў тийкары болған қураллар ҳәмде жетик технологиялар базарын раўажландырыў зәрүр.

Келешекте тармағтың материал-техникалық ресурсларынан пайдаланыў дәрежесин ҳәмде экaномикалық нәтийжелигин жоқарылатыў ушын барлық шара илажларын өз ўақтында сапалы дәрежеде әмелге асырыў зәрүр.

Ҳәзирде мәмлекетимиз аўыл-хожалығының механизацияласқанлық дәрежесин асырыў, әсте-секинлик пенен оны санаат тийкарында өткериў барысында ислеп атыр. Булл аўыл хожалығының раўажланыўының обиектив бағдарларынан бири саналады.

# Пайдаланылған әдебиятлар:


1. Каримов И. А. «Өзбекистан буюк келажау сари» Т. Өзбекистан 1999-й.
2. Каримов И.А. «Қишлоқ хожалиги тароқийоти-төкин ҳайот манбай»- Т-1998-й.
3. Каримов И.А. «Деҳқоншилик тароқийоти-Фаровонлик манбай» Тошкент «Өзбекистон» 1993-й.
4. Абдуғаниев А. «Қишлоқ хөжалиги иқтисодийоти» фанидан марузалар матни. ТДИУ 2000-й.
5. Р. Қусанов, Д. Ҳамдамов «Муқобил машина трактор парклары» ТМТП Ташкент-2001-й.
6. Қайумов Ф.К. «Эффективность АПК в условиях перевода к рынкуҮ Обшие и региональные проблемы»- МҮ ИПО «Полигран» 1992-г.
7. Серова Е.В. «Аграрная эканомика» Учебник для студентов экономических вузов, факультетов и специальностей – МҮ ГУВ,ШӘ 1999-г